



**Department of
Education**

Chancellor Richard A. Carranza

Chè paran oswa responsab:

Pitit ou a ka gen dwa pou resevwa sèvis sante oswa akomodasyon nan lekòl la dapre Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitation. Sèvis sa yo pèmèt elèv ki gen bezwen espesyal sante patisipe totalman nan lekòl. Paegzanp, elèv ki gen yon pwoblèm medikal ka pram medikaman nan lekòl la. Elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa pou tande ka chita pre tablo a.

Kòman pou w konnen si pitit ou a kalifye pou Sèvis oswa Akomodasyon:

1. Kontakte swa:

- Direktè lekòl pitit ou a, swa
- Neil Somerfeld nan 504questions@schools.nyc.gov. Bay non pitit ou a, lekòl li ak klas li.

Di ki pwoblèm pitit ou a ak tip èd li bezwen.

2. Direktè lekòl pitit ou a pral eksplike kòman pou aplike pou sèvis pou pitit ou a.

3. Apre ou fin aplike, lekòl ou a ap revize demand ou fè pou sèvis la. Ekip 504 lekòl ou a pral envite w nan yon reyinyon pou diskite bezwen pitit ou a. Nan reyinyon sa a, ekip la pral deside si pitit ou a pral resevwa sèvis oswa akomodasyon. Y ap fè w konnen desizyon yo pran sou 30 jou.

Dokiman FAQ sou plan 504 ou jwenn lan gen plis detay sou dwa pitit ou a. Si w gen nenpòt kesyon, mande Direktè a oswa voye yon imèl nan 504questions@schools.nyc.gov.

Avèk senserite,